

## Imèl pou rezidan yo

*Liy sijè:* Mizajou sou Plan Transfòmasyon NYCHA a

Chè Rezidan NYCHA,

Se avèk plezi n ap anonse lansman Plan Transfòmasyon Otorite Lojman Vil New York (NYCHA's Transformation Plan) lan. Plan Transfòmasyon an, ke yo elabore nan kad akò NYCHA pou lane 2019 la ansanm ak Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD), dekri diferan fason ke Otorite a pral vin tounen yon òganizasyon ki pi solid e ki pral ba w pi bon sèvis. Nou lanse plan an jodi a gras ak sipò HUD ak Biwo Pwokirè Jeneral Etazini pou Distri Sid New York la, e n ap kontinye kolabore ansanm ak yo e ak Kontwolè Federal la ofiramezi n ap vanse ak faz enplemantasyon an.

Nou kreye plan an apatide ide ak kòmantè ke nou te resevwa dirèkteman nan men rezidan ak pèsònèl yo atravè asanble piblik, imèl, medya sosyal, apèl telefòn ak lòt sesyon angajman yo pandan tout ane 2019 ak 2020 yo. An reyalite, Plan Transfòmasyon an se te premye plan ke NYCHA te mete disponib pou kòmantè piblik. N ap kontinye angaje kolaboratè tankou w yo pou entegre kòmantè w yo pandan n ap mete estrateji plan yo annèv – pwochen etap yo se pou devlope premye pati yon Plan Enplemantasyon disi Septanm 2021 epi dezyèm pati a disi Jen 2022. Plan Enplemantasyon yo pral dirije restriktirasyon NYCHA a pou li vin tounen yon òganizasyon ki pi adapte e ki pi efikas.

Plan Transfòmasyon an fè pati *Plan pou Chanjman (Blueprint for Change)* NYCHA a, ki se yon ansanm ide pou ranfòse Otorite a epi pou amelyore kalite lavi w, epitou pou fè levedfon pou renove 110,000 apatman okonplè.

Plan Transfòmasyon an anvizaje chanjman òganizasyonèl ak operasyonèl potansyèl ki pral amelyore sèvis kliyantèl la ak resektivite fas ak kondisyon nan devlopman nou yo, ki pral garanti ke gwo pwojè yo egzekite atan, epi ki pral pwomouvwa responsabilizasyon gras ak mezi pèfòmans jesyon imobilye yo. Inisyativ li yo pral pèmèt nou jere imobilizasyon nou yo pi byen epi itilize finansman limite nou yo yon fason pi efikas, tout sa pandan n ap amelyore kalite lavi a pou ou.

Kèk nan amelyorasyon operasyonèl nou deja kòmanse reyalize yo enkli yon nouvo Modèl Katye (Neighborhood Model) (ki kreye pòtfèy jesyon imobilye ki pi piti epi ki vini avèk plis priz desizyon ak resous pou devlopman yo) avèk yon pwosesis egzamen anyèl rasyonnalize pou rezidan yo. Plan an enkli tou ide pou rasyonnalizasyon estrikti jesyon NYCHA yo, amelyorasyon pwogram Orè Travay Altènatif (Alternative Work Schedule) la, amelyorasyon pwodikitivite atravè teknoloji, amelyorasyon kolaborasyon rezidan yo epi ekspansyon opòtinite ekonomik pou rezidan yo, epi responsabilizasyon anplwaye yo gras ak aprantisaj ak devlopman.

Tanpri vizite [sitwèb](#) NYCHA a pou w li Plan Transfòmasyon an ak lòt materyèl *Plan (Blueprint)* yo. Si w gen nenpòt kesyon oswa kòmantè, ou ka antre an kontak avèk [blueprint.comments@nycha.nyc.gov](mailto:blueprint.comments@nycha.nyc.gov).

Sensèman,

Greg Russ  
Prezidan ak Direktè Jeneral

Vito Mustaciuolo  
Administratè Jeneral